



Yon ti Gid toukout sou Earned Income Credit nan Eta New York (Kredi Taks pou Revni ou reyalize)

Ou ka mande kredi sa a si:

- ou kalifye pou kredi taks federal pou revni ou reyalize epi ou te mande kredi a, ak
- ou **pa** te ranpli Fòm IT-209 (ki disponib ann anglè sèlman) pou mande **Noncustodial Parent New York State Earned Income Credit** (Kredi Taks pou Revni Paran ki gen lagad reyalize).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou kredi federal la, gade sou paj entènèt IRS pou EITC a.

Ki montan kredi a?

Kredi a egal a 30% kredi taks federal yo ka akòde pou revni ou reyalize, ki diminye pa nenpòt montan kredi ki reklame pou kay la.

Pou aplike pou kredi sa a, oswa pou jwenn plis enfòmasyon, gade Form IT-215, *Claim for Earned Income Credit* (Fòm pou reklame kredi taks pou revni ou reyalize), ansanm ak eksplikasyon Fòm lan (ki disponib ann anglè sèlman).

Egzijans konsève dosye

Si w ap mande kredi sa a, w ap gen pou pwouve ou te reyalize revni. Asire ou konsève pandan tout ane a bon dosye ou gen entansyon fè demann kredi pou yo a.

Si w se yon travayè endepandan, w ap bezwen enfòmasyon sa yo:

- Liv ak dosye ki montre revni biznis ou reyalize ak depans pou biznis ou peye chak jou. Dosye yo **dwe** gen ladan ase enfòmasyon pou jwenn kòrèkteman resèt anvan taks, depans pou biznis ak pri ou achte atik ak envantè.
- Dokiman ki konfime sa ki antre nan liv ak dosye yo, tankou resi kès, etadkont labank, fich depo, chèk ki anile, bòdwo, bòdwo lavant kat kredi ak Form 1099-MISC (Fòm 1099-MISC).

Si w pa bay dosye yo lè yo mande yo, ou p ap resevwa kredi a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Egzijans konsève dosye gade Form DTF-215, *Recordkeeping Suggestions for Self-employed Persons* (Fòm DTF-215, Sijasyon pou moun ki travayè endepandan pou konvève dosye) (ki disponib ann anglè sèlman).

Remak: Si kredi sa a piplis pase montan taks ou dwe, y ap ranbouse w diferans la si w te yon rezidan pandan yon ane okonplè.